

NeMutungamiri  
Thomas S. Monson



# Daidzo yeMuponesi yeKuti Tishandire

Vose vakadzidza masvomhu vanoziva kuti dhinomineta chii. KuVatendi vaMazuva Ekupedzisira, pane komoni dhinomineta inotibatandiza pamwechete. Komoni dhinomineta iyoyo idaidzo yemunhu pachake inotambirwa neumwe neumwe wedu yekuti tizadzise mabasa muumambo hwaMwari pano panyika.

Unemhosva here yekunyunyuta kana daidzo yauya kwauri? Kana kuti unotambira here nerutendo mukana wega wega wekubatsira mabhuratha nemasisita ako, uchiziva kuti Baba vedu Vekudenga vanozokomborera avo vaVanodaidza?

Ndinoda kuvimba kuti hatizorasa chinangwa chaicho chemikana yedu inokosheswa yekushandira. Chinangwa ichocho, vavariro iyoyo yekusingaperi, ndiyo imwecheteyo inotaurwa nezvayo naIshe uye inowanikwa muDombo reMutengo Mukuru: “Nokuti tarisai, iri ndiro basa rangu nekubwinya kwangu—kuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwevanhu.”<sup>1</sup>

Ngatigarei tichirangarira kuti nguwo yehunhengo muChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira hayisi nguwo yokudekara asi kuti inguwo yekuita basa. Basa redu, pamusoro pekuzviponesa isu pachedu, nderekutungamira vamwe kuumambo hweseresityaro hwaMwari.

Nokufamba munzira yekushandira Mwari tichida, hatizombofa takava mumamiriro ezvinhu aKadhinari

Wolsey wemunyaya yemubhuku raShakespeare. Akururwa simba rake mushure mekupedza upenyu hurefu achishandira mambo wake, akachema achidunura kuti:

*Dai ndakanga ndashandira Mwari wangu  
nehafu yesimba*

*randakashandira naro mambo wangu, Vangadai  
muupenyu hwangu*

*Vasina kundisiya pamhene kuvavengi vangu.*<sup>2</sup>

Denga rinoda rudzi rwekushandira rwakadii? “Ishe vanoda mwoyo uye nepfungwa inoda; uye vanoda nevanoteerera vachadya zvakanaka zvenyika yeZioni mumazuva ano ekupedzisira.”<sup>3</sup>

Ndinodzamisa pfungwa apo pandinofunga mazwi eMutungamiri John Taylor ekuti (1808–87): “Kana mukasakudziridza kudaidzwa kwenyu, Mwari vachakupai mhosva pamusoro peavo vamungadai makaponesa dai makaita basa renyu.”<sup>4</sup>

Sechiyedza chakajeka chekutsvagisa runako nacho ndihwo upenyu hwaJesu apo paAiparidza pakati pevanhu. “Ini ndiri pakati penyu sounoshumira,”<sup>5</sup> Jesu akataura apo paAiunza simba kumitezo yevakaremara, kuona kumaziso emapofu, kunzwa kunzeve dzematsi, uye upenyu kumuviri wevakafa.

Nengano yemuSamaria akanaka, Tenzi akatidzidzisa

kuda vavakidzani vedu sezvatinozviita.<sup>6</sup> Nemhinduro Yake kumutongi mupfumi wechidiki, Akatidzidzisa ku-rasa hundingoveni hwedu.<sup>7</sup> Nekupa zvokudya kuzviuru zvishanu, Akatidzidzisa kuona zvidikanwi zvavamwe.<sup>8</sup> Uye neMharidzo paGomo, Akatidzidzisa kutanga kutsvaga umambo hwaMwari.<sup>9</sup>

Munyika Itsva, Ishe akamutswa kuvakafa akataura kuti, “Munoziva zvinhu zvamunofanira kuita muhechi yangu; nokuti mabasa amakandiona ndichiita nemiwo munofanira kuaita; nokuti zvose zvakandiona ndichiita nemiwo munofanira kuita.”<sup>10</sup>

Tinokomborera vamwe apo patinoshandira mumu-mvuri “waJesu weNazareta . . . iye waipote nyika achiita zvakanaka.”<sup>11</sup> Mwari ngavatikombore kuti tiwane rufaro mukushandira Baba vedu vari Kudenga apo patinenge tichishandira vana Vavo panyika.

#### KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Mosesi 1: 39.
2. William Shakespeare, *King Henry the Eighth*, chitambo 3, chionwa 2, mitsetse 456–58.
3. Dzidziso neZvibvumirano 64:34.
4. *Teachings of Presidents of the Church: John Taylor* (2001), 164.
5. Ruka 22:27.
6. Ona Ruka 10:30–37; onawo Mateo 22:39.
7. Ona Mateo 19:16–24; Marko 10:17–25; Ruka 18:18–25.
8. Ona Mateo 14:15–21; Marko 6:31–44; Ruka 9:10–17; Johane 6:5–13.
9. Ona Mateo 6:33.
10. 3 Nifai 27:21.
11. Mabasa Avaapositori 10:38.

#### KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

“[Ishe] havazotibvumira kuti tikundikane kana tikaita chikamu chedu. Vachatikudziridza kunyange kupfuura matarenda nekwaniso dzedu pachedu. . . . Chimwe chezviitiko zvakanakisisa chingakwanise kuuya kumunhu” (Ezra Taft Benson, mu *Teaching, No Greater Call* [1999], 20). Funga kugovera chiitiko apo iwe kana mumwe waunoziva paakanzwa Ishe vachikudziridza matarenda kana kwaniso dzake. Koka mhuri kuti vavogere zvimwe zviitiko zvakanaka zvavo pachavo apo pavakadaira “kudaidzo yeMuponesi yekuti tishandire.”

## VECHIDIKI

### Kushandira muTemberu

NaBenjamin A.

**A**po pandakasvika makore gumi nemanomwe, Andakatanga kufunga zvakasimba pamusoro peramangwana rangu, uye ndakanamata kuna Baba

Vekudenga pamusoro pekuti ndezvipi zvandaikwanisa kuita kuti ndigadzirire kuenda kuushumiri uye neku-tambira Hupirisita hwaMerkizedeki. Ndakanzwa kuti ndaifanira kuenda kutemberi kakawanda nokuti imba yalshe uye yaizova nzvimbo iyo yandaikwanisa kunzwa kuva padyo padyo naBaba vangu Vekudenga.

Saka ndakamisa chinangwa chekuti ndiite rubhabhatidzo runokwana chiuru chimwechete mukati megore. Ndakanzwa pachokwadi faniro yekumisa chinangwa ichi; ndakatsanya kuti ndizive kana izvi zvirizvo zva-ndinofanira kuita. Baba vedu Vekudenga vakandipi-ndura, uye ndikatanga kuenda kuTemberu yeTampico kuMexico zuva reMugovera wega wega.

Mushure mekunge ndaita rubhabhatidzo runokwana mazana mashanu, ndakamisa chinangwa chekutsvaga nhorroondo yemhuri pamusoro pemadzitateguru angu, uye ndakafarira kutsvaga ikoku zvakananya zvekuti handina kukwanisa kurara nokuti ndakanga ndichitsvaga mazita. Ndakawana mazita makumi mashanu uye zvizvarwa zvisere zvenhorroondo yemhuri yangu; ndakabatsira kuita basa remutemberi ravo vese.

Ndakapedzisira ndaita rubhabhatidzo runodarika chiuru chimwechete nemazana matatu, uye ndakagira-juweta kubva kuseminari, ndikatambira Hupirisita hwa-Merkizedeki, uye iyezvino ndiri kushanda semushumiri azere, chinova chaiva chimwe chezvinangwa zvangu zvikurusa muupenyu hwangu.

## VANA

### Ndinokwanisa Kuitira Vamwe Chimwe Chinhu

**U**mwe neumwe wedu anokwanisa kuita chimwe chinhu kuti abatsire vamwe. Mutungamiri Monson vakadzidzisa kuti tinofanira kuda munhu wese uye tidzidze kuona kuti tingakwanisa kuvabatsira sei.

Apo pamunenge muchidya kudya kwamanheru nemhuri yenyu, ipai pfungwa yekuti nhengo yemhuri yega yega igovere chinhu chimwechete chayaita kushandira mumwe munhu zuva iroro. Nyora zviitiko zvako pachako zvekushandira mujenari rako zuva rega rega.

©2012 neIntellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo ye-Muchirungu: 6/11. Mvumo yekududzirwa: 6/11. Dudziro ye*First Presidency Message, August 2012*. Shona. 10368 731



Rutendo, Mhuri, Rubatsiro

# Kuita Chimwe Chinhu muNguva yeChidikanwi

*Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.*

**S**evadzidzisi vekushanyirana, chimwe chezvinangwa zvedu ndechekubatsira kusimbisa mhuri nedzimba. Masisita atinoshanyira anofanira kukwanisa kuti, “kana ndi-ine matambudziko, ndinoziva kuti vadzidzisi vekushanyirana vangu vachabatsira vasingamiriri kukumbi-rwa.” Kuti tikwanise kushandira, tine basa rekuti tizive zvidikanwi zve-masisita atinoshanyira. Apo patinotsvaga femero, tinozoziva madairiro ekuita kuzvidikanwi zvemweya nezvenyama zvasisita wega wega watakagoverwa kuti tishanyire. Zvino, tichishandisa nguva yedu, unyanzvi, matarenda, minamoto yerutendo, netsigiro yezvemweya neyemanzwiro, tinokwanisa kubatsira kupa mushando unetsitsi munguva dzehurwere, rufu, nemawe mamiriro ezvinhu asiri amazuva ose.<sup>1</sup>

Kuburikidza nerubatsiro rwezvino-pirwa kubva kuvadzidzisi veku-shanyirana, vatungamiri veChita cheRubatsiro vanoziva avo vane-zvidikanwi zvisiri zvamazuva ose nokuda kwehurwere hwenyama kana hwemanzwiro emumwoyo, njodzi nezviitiko zvinenge zvisina kutarisirwa, kuzvarwa kwevana, rufu, kuremara, kusurukirwa, kana zimwe zvinetso. Mutungamiri we-Chita cheRubatsiro zvino anonopira zviwanikwa zvake kuna Bhishopi

Ari pasi pekutungamirwa naBhishopi, anorongwa rubatsiro.<sup>2</sup>

Sevadzidzisi vekushanyirana tinokwanisa kuva “nechikonzero chikuru . . . chekufara” nokuda kwemaro-pafadzo akaiswa patiri, kuti takaitwa midziyo mumaoko aMwari kuti tiite basa guru iri” (Aruma 26:1, 3).

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

Mateo 22:37–40; Ruka 10:29–37; Aruma 26:1–4; Dzidziso neZvibvumirano 82:18–19

## **Kubva muNhorondo Yedu**

Mumakore ekutanga eChechi, hunhengo hwakanga huri huduku uye huri panzvimbo imwechete. Nhengo dzaikwanisa kudaira nekukurumidza apo painge mume munhu aine chidikanwi. Nhasi hunhengo hwedu hunodarika mamiriyoni gumi nemana uye hwakapararira pasi rose. Dzidziso yekushanyirana chikamu chechirongwa chaIshe chekupa rubatsiro rwevana Vavo vose.

“Nzira chete ingakwanisa kupa rubatsiro nenyaradzo muChechi yose yakakura kudai munyika yakasiyana kudai ingangova kuburikidza nevaranda varipadyo nevanhu vane zvidikanwi,” akadaro Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri weKutanga muHutungamiri HweKutanga.

“. . . Bhishopi wega wega uye mutungamiri webazi wega wega ane mutungamiri weChita cheRubatsiro wekumira naye,” akaenda mberi. “Ane vadzidzisi vekushanyirana, vanoziva zviedzo nezvidikanwi zvasisita wega wega. Anokwanisa, kuburikidza navo, kuziva mwoyo yevanhu pachavo neyemhuri. Anokwanisa kuzadzisa zvidikanwi nekubatsira bhishopi mubasa ravo rekutaririra nekuchengeta vanhu pachavo nemhuri.<sup>3</sup>

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Ona *Handbook 2: Administering the Church* (2010), 9.5.1; 9.6.2.
2. Ona *Handbook 2*, 9.6.2.
3. Henry B. Eyring, *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 110.

## **Chii Chandingaita?**

1. Ndiri kushandisa here zvipo nematerenda angu kukomborera vamwe?
2. Masisita andinotaririra anoziva here kuti ndinoda kuvabatsira apo pavanenge vaine chidikanwi?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku [www.reliefsociety.lds.org](http://www.reliefsociety.lds.org).